

**MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL AK FÒMASYON PWOFEZYONÈL**  
**BIWO NASYONAL EGZAMEN LETA/ DIREKSYON ANSÈYMAN FONDAMANTAL**  
**EGZAMEN 9<sup>ÈM</sup> ANE FONDAMANTAL**

Siyati: ..... Non: .....  
Depatman: ..... Vil : .....  
Nimewo Dòd: ..... Lekòl: .....  
Matyè: **Kominikasyon Kreyòl** Dire: **2 zè**

**Tèks modèl**

**Lasante**

Lasante se pi gwo kado Bondye te kapab bay lèzòm. Gen timoun ki malad depi nan vant manman yo. Genyen ki malad depi premye jou yo fèt. Genyen lòt, yo pa menm ka rive nan laj senkan, maladi gentan mennen yo anba tè.

Si ou pa gen lasante, ou pa ka ale lekòl, ou pa ka ale travay. Lè ou malad, kè ou pa kontan, bouch ou pa gou, ou pa santi w ap viv tout bon vre. Lè ou pa viv an sante, fanmi ou ap viv ak kè kase.

Lè ou gen lasante, menm si ou pa gen lajan ou sanble ak yon ti pouchon oswa yon jenn ti gengenn. Lè ou viv an sante, tout moun kontan wè ou. Tout fanmi ou, tout zanmi ou santi y ap viv nan ou. Yo wè se yon jaden lespwa k ap fleri pou bay fwi nan tout sezon. Lè ou viv an sante afè ou mache pi byen, kit se lekòl, kit se travay oswa biznis ou. Lè ou santi kò ou pa bon, kouri ale kay doktè. Se pou ou pwoteje sante Bondye ba ou a epi di l mèsè pou richès sa a.

Sous : Kreyòl 3èm sik.  
D.T Dikerson.

**I- Kesyon sou tèks la (40 pwen)**

1- Daprè tèks la, kijan fanmi ou ye :

a) Lè ou an sante ? (4 pwen)

---

---

b) Lè ou malad ? (4pwen)

---

---

2- Daprè tèks la, ekri kat (4) bagay ou pa kapab fè lè ou pa an sante. (8 pwen)

---

---

---

3- Lè yon moun maladi, kijan li santi kò li ? (8 pwen)

---

---

4- Daprè tèks la, moutre lasante pi enpòtan pase byen. (8 pwen)

---

---

---

5- Kisa ou kapab fè pou pwoteje sante ou ?

(8 pwen)

---

---

**II- Vokalilè- Olograf- Gramè (120 pwen)**

Atoure lèt ki devan bon repons la, soti nan kesyon 6 la pou rive nan kesyon 13 la.

6- Jwenn fraz ki gen adjektif kalifikatif la.

(8 pwen)

- a) Lasante se yon richès.
- b) Lasante pa vann nan mache.
- ch) Lasante se pi gwo kado.
- d) Lasante bay lajwa.

7- Jwenn fraz deklaratif la pami fraz sa yo.

(8 pwen)

- a) Jak gripe souvan.
- b) Eske grip se maladi?
- ch) Apa ou gripe !
- d) Bwè te a pou grip la.

8- « *Lasante se yon jaden lespwa k ap fleri* ». Ki figi estil nou jwenn nan fraz sa a ?

(10 pwen)

- a) Konparezon
- b) Metonimi
- ch) Metafò
- d) Ipèbòl

9- « *Janèt toujou malad* ». Ki aspè nou jwenn nan fraz sa a ?

(10 pwen)

- a) Diratif
- b) Enkoratif
- ch) Akonpli
- d) Iteratif

10- « *Mak malad nan kè* ». Jwenn fòm predika ki nan fraz sa a.

(8 pwen)

- a) Prepozisyonèl
- b) Nominal
- ch) Adjektival
- d) Advèbyal

11- Men yon fraz: *Okenn medikaman pa t ka geri Lilin*. Detèminan ki souliye a se:

(10 pwen)

- a) yon detèminan demonstratif
- b) yon detèminan posesif
- ch) yon detèminan endefini
- d) yon detèminan relatif

12- « *Se pou papa ou bwè medikaman yo pou li ka jwenn lagerizon* ». Pwopozisyon ki souliye a se sibòdone sikonstansyèl :

(8 pwen)

- a) kòz
- b) bi
- ch) lye
- d) tan

13- « *Lè nou rive nan klinik la n a mande doktè a preskripsyon an* ». konkòdans tan nou jwenn nan fraz sa a se :

(8 pwen)

- a) fiti ak prezan
- b) fiti ak pase
- ch) fiti ak fiti
- d) fiti ak kondisyonèl

14- Mete lis mo sa a nan lòd alfabetik: *mapou, madi, mal, malouk, maladi, malonèt, malèt, malad, madichonnen, malè, madichon*.

(8 pwen)

---

---

---

---

15- Ekri mo sa yo nan bon òtograf kreyòl la.

(8 pwen)

Geografi \_\_\_\_\_  
Aeopò \_\_\_\_\_  
Rout \_\_\_\_\_  
Calkul \_\_\_\_\_

16- Jwenn de (2) mo derive pou chak rasin sa yo.

(8 pwen)

Branch \_\_\_\_\_  
Vèy \_\_\_\_\_

17- « *Lasante ak salte se lèt ak sitwon* ». Jwenn yon lòt ekspresyon ki vle di menm bagay ak ekspresyon ki souliye nan fraz la. (8 pwen)

---

---

18- Transfòme diskou endirèk sa nan diskou dirèk. *Madanm nan di lasante se pi gwo kado Papa Bondye te ka ba li.*

(10 pwen)

---

---

---

19- Pwodui de (2) fraz ak mo « *rakèt* » kote yo pa gen menm sans.

(10 pwen)

1- \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

2- \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

### III- Pwodiksyon ekri (40 pwen)

20- Chwazi youn nan de (2) sijè sa yo epi trete l nan ven (20) liy.

1- Lapwòpte kapab ede nou pwoteje sante nou. Dekri yon kote ou te ale ki te tèlman bèl epi pwòp, ou te santi ou byen kote sa a, jis ou te vle rete la nèt.

2- Ekri yon fanmi ou ki malad epi ki pè doktè pou ankouraje li ale lopital pou l ka geri.